


# Yon ti grenn: Istwa Wangari Maathai



 Nicola Rijsdijk

 Maya Marshak

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 3

 krèyol ayisyen

Nan yon ti vilaj ki sou pant mòn Kenya nan Lès Afrik,  
yon ti fi tap travay nan jaden an ak manman'l. Yo te  
rele li Wangari.



Wangari te renmen rete deyò anpil. Nan jaden fanmi li, li te fè twou ak manchèt pou'l plante ti grenn nan tè a.






Lè li pipito a se pandan lajounen lè solèy la fin kouche. Wangari konnen fòke li tounen lakay anvan fè twò nwa. Enpi li pa te kapab wè plant yo nan fè nwa a. Pou'l tounen lakay li, fòke li te pase nan yon ti santye, nan yon jaden ak akote yon rivyè.


Wangari te yon timoun entèlijan ki te anvi ale lekòl.  
Men, manman'l ak papa li te vle ke li rete nan lakay  
la pou'l ede yo. Lè Wangari gen sètan, pi gran frè li  
mande manman ak papa'l pou yo voye Wangari  
lekòl.





Li te renmen aprann! Wangari te aprann piplis chak jou, chak fwa li louvri yon liv. Li te travay tèlman byen lekòl la ke li te resevwa yon envitasyon pou'l al etidye nan Etazini. Wangari te kontan anpil! Li te vle aprann anpil bagay lòt bò dlo an.

Nan inivèsite Ameriken an, Wangari aprann anpil lòt bagay. Li etidye sou tout kalite plant ak kijan yo grandi. Enpi, li vin sonje kote li sòti, kijan li grandi, lè li te konn jwe ak frè li nan lonbraj anba pyebwa nan bèl rakbwa Kenya.



Plis li aprann plis li santi ke li renmen moun Kenya  
yo. Li te vle wè pèp li lib ak kontan. Plis li aprann,  
plis li sonje lakay li nan peyi Lafrik.





Lè li fini lekòl la, li tounen Kenya. Men, peyi'l te chanje. Peyi a te kouvri ak gwo plantasyon. Fanm yo pa te jwenn bwa pou yo fè manje. Moun yo te pòv, timoun yo te grangou toutan.





Wangari te konnen sa pou'l fè. Li aprann medam yo kijan pou yo simen grenn atè pou yo plante pyebwa. Medam yo vann pyebwa yo enpi yo ede fanmi yo ak lajan an yo fè. Medam yo te kontan anpil. Wangari te fè yo santi yo endepandan ak pifò.

Piti piti pyebwa yo grandi yo tounen rakbwa enpi dlo rivyè an kòmanse koule ankò. Mesaj Wangari travèse tout Lafrik. Jounen jodya, anpi anpil pyebwa pouse akòz ti grenn Wangari yo.





Wangari te travay di. Tout moun lòt bò dlo tandè pale de Wangari. Li resevwa yon pri entènasyonal ke yo rele pri Nobèl pou lapè. Wangari se pwemye fanm Afriken ki te resevwa yon pri konsa.

Wangari mouri nan lane 2011 men nou sonje li chak  
fwa nou wè yon bèl pyebwa.






# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

## Yon ti grenn: Istwa Wangari Maathai

 Nicola Rijdsdijk

 Maya Marshak

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

